

# 10 MO ENPÒTAN NAN EDIKASYON ESPESYAL!

1. IDEA: Individuals with Disabilities Education Act (Lwa Konsènan Edikasyon Moun ak Andikap) Sa a se yon lwa ki garanti timoun ki gen andikap yo jwenn sèvis, depi yo fèt jiskaske yo gen 21 lane.
2. IEP: Individualized Education Program (Pwogram Edikasyon Endividyalize) Si yo te detèmine yon timoun ki nan laj pou ale lekòl (3 a 21 lane) satisfè kondisyon pou Edikasyon Espesyal dapre youn nan kategori andikap yo, lè sa a ekip edikasyon timoun nan (ki gen paran li yo ladan) ap devlope, evalye, ak revize yon dokiman IEP omwen yon fwa pa ane.
3. Aranjman: Sa yo se "adaptasyon nan pwogram akademik la ki pa fè yon gwo chanjman oswa bese estanda yo" (Causton & Tracy-Bronson, 2014), epi yo kapab kite li pran yon tès nan yon sal ki kalm, pou bay repons tès yo aloral (si ekriti elèv la anpeche li pran tès la), elatriye.
4. Modifikasyon: Sa yo se "chanjman nan pwogram akademik la ki chanje sa yo atann nan men elèv yo" (Causton & Tracy-Bronson, 2014, paj 16) epi li kapab genyen chanjman nan sa yo anseye nan klas la, kantite tan li pran, oswa fason yo prezante tès la.
5. LRE: Least Restrictive Environment (Anviwònman ki gen Mwens Restriksyon Posib) Sa vle di, "nan pi gran mezi li apwopriye, yon distri lekòl dwe anseye nenpòt elèv ak yon andikap nan klas regilye a avèk èd ak sipò ki apwopriye, ki rele èd ak sèvis siplemantè, ansanm ak lòt elèv ki nan menm klas ak li ki pa gen okenn andikap, nan lekòl li t ap ye a si li pa te gen yon andikap" (Causton & Tracy-Bronson, 2014, paj 36)
6. FAPE: Free Appropriate Public Education (Edikasyon Piblik Gratis ki Apwopriye) Lekòl piblik yo oblije bay elèv ak andikap nan laj pou ale lekòl ki nan jiridiksyon yo (3 a 21 lane) "edikasyon piblik ki gratis ak apwopriye), kèlkeswa kalite andikap la oswa nivo andikap la grav.
7. Evalyasyon Akademik Konplè: Tès ak obsèvasyon ekip lekòl la fè pou konnen si yon timoun gen yon andikap epi bezwen edikasyon espesyal ak sèvis ki asosye yo. Y ap bezwen konsantman paran an.
8. Konpòtman Fonksyonèl: Konpetans yon timoun te metrize, oswa bezwen metrize, pou li ka degaje li poukont li nan mezi li posib nan sosyete a.
9. Nivo Pèfòmans Akademik Nan Moman an (Present Levels of Educational Performance, PLEP): Deklarasyon ekri nan IEP a ki dekri avèk presizyon pwen fò, pwen fèb, ak estil elèv la aprann.
10. Avi Alekri Davans (Prior Written Notice, PWN): Dwa parantal dapre IDEA gen ladan dwa pou resevwa avi alekri davans nan men lekòl la chak fwa lekòl la pwopoze pou fè (oswa refize fè) yon bagay parapò ak pitit ou. Presizeman, lekòl la dwe bay paran yo avi alekri davans chak fwa li:

Pwopoze pou fè yon chanjman nan idantifikasyon, evalyasyon, oswa plasman pitit ou nan yon klas.  
Pwopoze pou fè yon chanjman nan FAPE y ap bay pitit ou.  
Pral fè yon reyinyon IEP.